ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№78 (23.236) ● 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Медицинэ щIэныгъэм пыщIа зэхыхьэшхуэр Налшык щекIуэкIащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хэтащ «Университет клиникэ» зыфIаща щIыналъэ конференцым. Ар медицинэ щIэныгъэм зегъэужьыным пыщIауэ илъэсым ирагъэкIуэкIа Iуэху нэхъыщхьэу IэщIагъэлIхэм къалъытащ.**



РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэр Евдокимов А. И. и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал стоматологие университетым и ректор, профессор Янушевич Олег, Урысейм и нейрохирург нэхъыщхьэ, академик Крылов Владимир, Урысейм Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ и академием НеврологиемкIэ и щIэныгъэ центрым и унафэщI, профессор Пирадов Михаил, ортопедиемрэ травматологиемкIэ Илизаров Г. А. и цIэр зезыхьэ Урысей щIэныгъэ центрым и унафэщI, профессор Губин Александр сымэ щахуэзам тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и щIэныгъэ центр нэхъ инхэмрэ ди республикэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр егъэфIэкIуэным. Гулъытэ хэха хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дохутырхэм я IэщIагъэм хэгъэхъуэным, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэм зегъэужьыным, узыфэхэр зэрызэхагъэкI икIи ахэр зэрагъэхъуж иджырей Iэмалхэр щIэгъэкъуэн къэщIыным.

IэщIагъэлIхэм я гуапэу къыхагъэщащ Налшык щекIуэкIа конференцыр хуабжьу тэмэму къызэрызэрагъэпэщар икIи апхуэдэ зэIущIэхэр КъБР-м и къалащхьэм дяпэкIэ нэхъыбэрэ щызэхыхьэну зэрагуапэр. КIуэкIуэ Юрий а псалъэхэм я жэуапу къигъэлъэгъуащ республикэм и зэфIэкI псори мыпхуэдэ зэхыхьэхэр нэхъыбэрэ зэхуэшэсыным зэрырихьэлIэнур.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Лъэпкъ дамыгъэр ягъэлъапIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгэ республикэхэм, ди лъэпкъэгъухэр зэуIуу щыпсэу къэрал 50-м щIигъум мэлыжьыхьым и 25-м Адыгэ ныпым и махуэр щагъэлъапIэ. Дэрэжэгъуэ ин къуимыту къанэркъым илъэс къэс лъэпкъ бэракъым и жьауэм къыщIэувэ щIалэгъуалэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм, ахэр къызыхэкIам я тхыдэм дихьэх зэрыхъуам. Адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэ унагъуэми я сыт хуэдэ зэхыхьэми ныпыр щаIэт хъуащ.**

● Сурэт репортаж



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

АБХЪАЗЫМ и утыкум дыгъуасэ щызэхуэсат адыгэ ныпыр лъагэу Iэтауэ зыIыгъ щIалэгъуалэ миным нэблагъэ. Вагъуэ пщыкIутIымрэ шабзищымрэ зытет бэракъ удзыфэр къащхьэщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэр автомашинэкIэ къызэхэзыжыхьыну гъуэгу теувэну щIалэхэр ирагъэжьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм ЩIыналъэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор** сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЗекIуэм хэтыну къызэхуэсахэм адыгэ ныпым и къежьапIэр кIэщIу яхуиIуэтэжащ ар Iэтауэ ягъэлъэпIэныр къыхэзылъхьа ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Абы къыхигъэщащ къыдэкIуэтей щIэблэщIэм лъэпкъым и къекIуэкIыкIам кууэ зыщагъэгъуэзэну зэрыхущIэкъур зэригуапэр.

- Си къуэшхэ, шынэхъыщIэхэ! Нобэ догъэлъапIэ ди лъэпкъым и дамыгъэ нэхъыщхьэр - абы и ныпыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэр зэщIэвгъэхьэну гъуэгу фытеувэну мурад фщIащи, Тхьэм къывигъэхъулIэ. Ди лъэпкъ дахэм и Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, къэзыгъэщIэрэщIэжын фыхуэхъуну ди гуапэщ. Гъуэгу махуэ! - иригъэжьащ къызэхуэсахэр ХьэфIыцIэм.

*(КIэухыр 4-нэ нап.)*

## Путин Владимир «Урысей зэкъуэтым» и хэхыныгъэхэм хэтхэм зэрызахуигъэза псалъэхэр куэдым зэпрадзыж



УРЫСЕЙМ и Президент Путин Владимиррэ «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ, УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрийрэ мэлыжьыхьым и 30-м яхуэзащ партым и пэублэ хэхыныгъэхэм хэтхэм. «Урысей зэкъуэтым» и гъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм щекIуэкIа а зэIущIэм связым и иджырей IэмалхэмкIэ кIэлъыплъащ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуэнухэр къыхэхыным хуэгъэза пэублэ зэIущIэм хэтхэри.

Абыхэм ящыщ зы, машинэ щащI «Троттер» заводым и генеральнэ директорым и къуэдзэ Тхьэмокъуэ Анзор *(сурэтым)* къыхигъэщхьэхукIащ пэублэ IэIэтым жыджэрагъыщхуэ зыбгъэдэлъ цIыху куэд къызэрыхашэм теухуауэ Путин Владимир жиIахэр игу зэрырихьар.

«Пэублэ хэхыныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым и фIыщIэкIэ нэрылъагъу къэхъунущ цIыху нэхъыбэ зи телъхьэу щыт кандидатхэр. Ахэр къэралым и политикэ къару нэхъыщхьэм - «Урысей зэкъуэт» партым щIэгъэкъуэн нэс хуэхъуфынущ», - жиIащ Тхьэмокъуэ Анзор.

**ПЕЧОНОВ Владилен.**

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

## Ягъэкъабзэ, ягъэдахэ

**Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и жылагъуэхэм иджыпсту щыщIэдзауэ зыхуагъэхьэзыр накъыгъэм и махуэшхуэхэм.**

КЪАПЩТЭМЭ, Тырныауз къалэм и уэрамхэр, утыкухэр, топ джэгупIэр зыхуей хуагъэзащ, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIакъуащ, гъуэгубгъум Iут жыгхэм сэху иратащ. КъагъэщIэрэщIэжащ IуэхущIапIэхэмрэ еджапIэ пщIантIэхэмрэ дэт удз хэсапIэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ: мы къалэр ящыщщ щхъуантIагъэ нэхъыбэ щыхасэ щIыпIэхэм.

Мы лэжьыгъэ псори зи нэIэм щIэт къалэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, накъыгъэм и 1, и 9 махуэхэм къалэр зэпэщу ирихьэлIэнущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



### Къэралым и цIэр зэрахъуэкIыну?

**Чехие Республикэм и цIэр яхъуэжыну мурад ящIащ а къэралым и унафэщIхэм.**

Абыхэм къызэралъытэмкIэ, я къэралым и цIэр ягъэкIэщIмэ, абы нэхъ тынш ищIынущ я дамыгъэр я деж къыщыщIагъэкI ерыскъыпхъэхэм, хьэпшыпхэм, нэгъуэщI продукцэхэм трагъэуэныр, апхуэдэуи я спортсменхэр дунейпсо утыкушхуэхэм щихьэкIи я къэралым и цIэр нэхъ гъэхуауэ къраIуэныр.

АбыкIэ щапхъэ яхуэхъуу къалъытэр Урысей Федерацэм, Китай ЦIыхубэ Республикэм зэреджэхэр гъэкIэщIауи къызэрахьырщ.

1993 гъэ лъандэрэ къэралым зэреджэр зэхъуэкIыным теухуа жэрдэмым арэзы темыхъуэхэри мымащIэу щыIэщ. Чехие Республикэм и цIэр зэхъуэкIыным теухуа унафэр къащтэнущ а Iуэхум парламентыр хэплъэу ар арэзы техъуа нэужь.

### ЯукIыну хуэмеймэ...

**Китайм хабзэщIэ къыщащтащ Iулъхьэ къызэрыIахам щхьэкIэ ягъэкъуаншэ къулыкъущIэхэм яхуэгъэзауэ. Абы щыубзыхуащ тезыр нэхъ хьэлъэ дыдэр щIытралъхьэм и щхьэусыгъуэхэр.**

Я судыр укIкIэ ящIэнущ Iулъхьэу юань мелуанищ (ар доллар мин 463-рэ мэхъу) къеIызыхауэ е апхуэдизкIэ къэрал мылъкум хэIэбауэ къыщIагъэщхэм. Нэхъапэм хабзэм къыщыгъэлъэгъуатэкъым Iулъхьэу къалъытэр сыт хуэдиз ахъшэми.

Iулъхьэ къеIыхыным я гъащIэр щIатынкIэ зэрыхъунум къулыкъущIэхэр игъэгузэвэну мэгугъэ хабзэр зэхэзылъхьахэр. Ауэ ари фIэщщIыгъуейуэ къыпщегъэхъу къата бжыгъэхэм. Псалъэм папщIэ, Китайм и Уголовнэ кодексым и законхэм ящыщу 46-м къыщыгъэлъэгъуащ къуэншауэ къалъытэ цIыхум и судыр укIкIэ ящIэну. Апхуэдэу нэгъабэ зи хьэкумыр ящIа къулыкъущIэ мин 50-м тезыр нэхъ хьэлъэ дыдэр тралъхьащ. Мы илъэсым и щIышылэ мазэм и закъуэ а къэралым судым и унафэкIэ щаукIащ цIыху 5459-рэ.

## Накъыгъэм и 10 пщIондэ

● Абы дегъэпIейтей



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Мэлбахъуэм и уэрамым телъ автомобиль лъэмыжым и техникэ щытыкIэр мэлыжьыхьым и 23-м къипщытащ.**

АБЫ МЕТРИ 165,2-рэ и кIыхьагъщ, метр 18,8-рэ и бгъуагъщ, щIагъщIэт пкъохэр 8 мэхъу, зы сыхьэтым транспорт мини 2-м щIигъу щызэблокI. Лъэмыжыр лIэщIыгъуэ кIуам и 70 гъэхэм яухуащ, абы лъандэрэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжакъым.

Республикэм и УнафэщIым ищIа пщэрылъым тету, лъэмыжым и щытыкIэр, и инженер коммуникацэхэр зыхуэдэр къапщытати, дяпэкIэ къэбгъэсэбэпыну дзыхьщIыгъуэджэу къалъытащ. Асфальт лъабжьэр етIысэхащ, зыIыгъ пкъохэр махэ хъуащ, зэпылъыпIэхэр зэпыкIащ икIи зэгуэкIащи, къеухыным хуэIуа щыIэкъым. И щIагъым щызекIуэ хьэлъэзешэ мафIэгухэм лъэмыжым и пкъыкъуэ зэрыIыгъхэр къагъэтIэсхъащ, къищынэмыщIауэ, а щIыпIэм коммерцэ IуэхущIапIэ куэд щолажьэ, я хъумапIэхэм дагъэ гъэсынпхъэхэр, къэуэнкIэ шынагъуэ зыпылъ нэгъуэщI веществохэр щызэрахьэ.

- Мы Iуэхур зэIубз тщIыну къытпэщытщ. Лъэмыжыр Iутхыну, нэгъуэщI духуэну е гъуэгущIэ тетлъхьэну? ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэр псом ящхьэщ. Мы щIыпIэм зи Iуэху щыдэзыгъэкIхэми ар зэрынэхъапэр къагурыIуапхъэщ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

Абы къалэм и властхэм къалэн ящищIащ лъэмыжым и Iэшэлъашэм щрагъэкIуэкI хьэрычэт лэжьыгъэхэм хабзэ халъхьэну. Апхуэдэу терроризм хьэгъэщагъэхэм лъэмыжыр зэрыщахъумэ щIыкIэр ягъэлъэщын зэрыхуейм хабзэхъумэ IэнатIэхэм гу лъаригъэтащ.

КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым, республикэм гъуэгу хозяйствэмкIэ и управленэм, Налшык къалэ округым и администрацэм я унафэщIхэм я пщэ ирилъхьащ лъэныкъуэ псори зэпашэчу, къыхалъхьа Iуэхугъуищым я нэхъ езэгъырабгъур накъыгъэм и 10 пщIондэ ягъэбелджылыну. Апхуэдэщ лъэмыжыщIэ ухуэныр (зэгъэпэщыжыныр); лъэмыжымрэ гъущI гъуэгу къудамэмрэ зэпкърахыжу гъуэгущIэ телъхьэныр; е транспортыр зэблэзыгъэкIыну техникэ хэхахэр ягъэуву, гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэр зэрыщытым хуэдэу къэгъэнэжыныр.

А Iуэхугъуэхэм щыхэплъэкIэ, жылагъуэм, рулым дэсхэм, республикэм и цIыхухэм нэхъ яфIэкъабылыр къалъытэну чэнджэщ яритащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

● Хъыбар гуапэ

## Налшык аэропортыр федеральнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэщ

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Д. А. Iэ щIидзащ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ аэропорту къэралым щыIэхэм я спискэр къызэрищтэмкIэ унафэм. Абы аэропорту 91-рэ итщ, Налшык щыIэ аэропортри хэту.**

ФЕДЕРАЛЬНЭ мыхьэнэ зиIэ аэропортхэм я статусыр иратащ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ къалэхэр, къэралым и субъектхэм я административнэ центрхэр, нэгъуэщI къэралхэм я аэропортхэр хьэуа гъуэгукIэ зэпызыщIэ IуэхущIапIэхэм.

«Граждан авиацэ» федеральнэ программэ къуэдзэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2016 - 2020 гъэхэм гулъытэ хэха хуащIынущ щIыналъэхэм щыIэ аэропортхэм зегъэужьыным.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## ЛIыIэщын Аидэ япэ йощ

**УэрэджыIакIуэхэм я «Новая звезда» урысейпсо зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм пхыкIри, финалым кIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ЛIыIэщын Аидэ. Зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ «Звезда» федеральнэ каналымрэ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэмрэ.**



МЫ МУЗЫКЭ проектым я зэфIэкI щоплъыж Урысейм и щIыпIэ 85-м щыщ уэрэджыIакIуэхэр. Зэпеуэр къыхэзылъхьахэм зэраубзыхуамкIэ, къыщалъхуа щIыналъэм я цIэкIэщ абыхэм зыкъагъэлъэгъуэну хуитыныгъэ зэраIэр.

2016 гъэр къызэрихьэрэ ди республикэм и цIыхухэр я гуапэу кIэлъоплъ «Новая звезда» зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ хэт хъыджэбзым и ехъулIэныгъэхэм. Артист цIэрыIуэхэр, продюсерхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр зыхэт къэпщытакIуэ гупым щыщхэм нэхъыфIхэр къыхахащ. Ди хэкуэгъу ЛIыIэщын Аидэ ящыщщ уэрэджыIакIуэ миних зыхэта зэпеуэм и япэ Iыхьэм нэхъыфIу къыщалъыта цIыху 24-м. Псом хуэмыдэу Аидэ къыщытхъуащ композитор цIэрыIуэ Дунаевский Максим.

ЕтIуанэ Iыхьэм хэт уэрэджыIакIуэхэм папщIэ Iэ яIэтыну Iэмал яIащ теленэтыным еплъхэми. ЛIыIэщын Аидэ игъэзэщIа Меладзе Константин и «Три зимы» уэрэдыр телевизорешлъ куэдым ягу ирихьащ икIи балли 100 къиихьащ.

Москва накъыгъэ мазэм щекIуэкIыну гала-концертым щагъэнэIуэнущ «Новая звезда» теленэтыным и зэпеуэм щытекIуа уэрэджыIакIуэм и цIэр. Зи макъ дахэм куэд ихьэхуа, ди республикэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа хъыджэбзыр абы пашэ щыхъуну дыщогугъ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

## НОБЭ

**♦Радиацэ къэхъукъащIэхэм я зэранкIэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ**

**♦ЦIыху акъылым къилэжьа мылъкум и дунейпсо махуэщ**

**♦Армением и гъунапкъэхъумэм и махуэщ**

**♦Тэтэр Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - я анэдэлъхубзэм и махуэщ**

**♦Марий Эл Республикэм щагъэлъапIэ лъэпкъ лIыхъужьым и махуэр**

♦**1658 гъэм** Урысейм и пащтыхь Романов Алексей и унафэкIэ Москва и Кремлым и чэщанэ нэхъыщхьэм и цIэр Спасскэ жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1986 гъэм** къэуащ Чернобыль дэт атом электростанцыр. И лъэщагъкIэ ар хуэдэ 500-кIэ нэхъ гуащIэт 1945 гъэм США-м Хиросимэ щридзыха бомбэм нэхърэ. Радиацэм СССР-м и щIыналъэм щыщу километр зэбгъузэнатIэ мини 155-рэ иуцIэпIат, абы щыпсэу цIыху мелуаниблым я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ и зэран екIынкIэ шынагъуэу.

♦**1952 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу хахащ.

♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI Ельцин Борис Iэ щIидзащ «Лей зытехьа лъэпкъхэр гъэзэхуэжыным и IуэхукIэ» Законым.

♦Урым император, философ цIэрыIуэ **Аврелий Марк** къызэралъхурэ илъэс 1895-рэ ирокъу.

♦Совет эстрадэм и артист, СССР-м и цIыхубэ артист **Акопян Арутюн** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦АР-м и политикэ лэжьакIуэ, театровед, журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щхьэлахъуэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал къулыкъущIэ, Тамбовскэ областым и администрацэм и унафэщI **Никитин Александр** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Iуэхутхьэбзэм бзыпхъэ иIэщ.**

● ТекIуэныгъэ-71



# ЗауэлI хахуэм и дамыгъэхэр абы и къуэхэм къаIэрохьэж

**Зеикъуэ щыщ зауэлI хахуэ, лейтенант Щомахуэ Абдурэхьим зэгуэр къыхуагъэфэщауэ щыта Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ нагъыщэмрэ «За отвагу» медалымрэ я тхылъхэр Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм и унэм щратыжащ зауэлIым и къуэхэм. А дауэдапщэм кърихьэлIат КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и дзэ комиссар, полковник Соблыр Мухъсин, Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн, районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и тхьэмадэ Сэбан Руслан, районым и гъэзэщIакIуэ органхэм, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унафэщIхэм я лIыкIуэхэр, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и кадет школым щIэсхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым Сыжажэ Хьэсэн къыхигъэщащ нобэрей зэхыхьэр Нэхущхэ Ахьмэдрэ Лианэрэ зэрафIыщIэр, абыхэм зауэм хэкIуэда я лъахэгъухэр, лIыгъэшхуэ зыгъэлъэгъуахэр емызэшыжу къызэралъыхъуэр икIи лIыхъужьхэм ящыщ куэдым къыхуагъэфэща дамыгъэхэу кърамытыжахэр къызэрагъуэтыжыр.

Лъыхъуакlуэ емызэшхэмрэ муниципалитетым и унафэщIхэмрэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэ мытыншым папщIэ фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.

«Къэлъыхъуакlуэ емызэшхэм куэдкIэ я фIыщIэщ ди лIыхъужьхэм я фэеплъыр хъума зэрыхъур. Апхуэдэ лIыхъужьхэм ящыщщ Щомахуэ Абдурэхьим ЦIыкIуэцIыкIу и къуэр. Фи ерыщагъым, гулъытэ зэрыфхэлъым, хэкум и хъумакIуэхэм я лIыгъэр зэрывгъэлъапIэм папщIэ фIыщIэ фхузощI. БлэкIа зауэшхуэм лIыхъужьу хэтахэм ящыщу зыри гулъытэншэу къанэ хъунукъым. Сэ шэч къытесхьэркъым Щомахуэ Абдурэхьим и къекIуэкIыкIар, илъэс Iэджэ дэкIауэ абы и дамыгъэхэр и бынхэм къызэрыратыжар зэпрадзыжу зэман куэдкIэ зэрекIуэкIынум. Абы и щапхъэр щIалэгъуалэм я дежкIэ гъуэгугъэлъагъуэу щытынущ», - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Щомахуэ Абдурэхьим, 1915 гъэм Зеикъуэ къуажэм щалъхуа щIалэр, зауэр къэхъеиным зы илъэсым щIигъу иIэжу дзэм ираджауэ щытащ. Ар Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм лIыгъэ зыгъэлъэгъуахэм ящыщщ икIи абы и зэфIэкIым мызэ-мытIэу командирхэм гулъытэ хуащIащ. Мыпхуэдэ Iуэхуи къэхъуащ: батальон щхьэхуэм и командир, капитан Волковым зауэлI нэхъ лIыхъужьхэм дамыгъэхэр яхуэгъэфэщэным теухуауэ 1944 гъэм щIышылэм и 21-м игъэхьэзыра тхыгъэм къыщигъэлъэгъуащ: «Троицкий» псы ныджэр хуит къэщIыжыным теухуауэ хуагъэува къалэныр ныбжьэгъу Щомахуэм лIыгъэ хэлъу игъэзэщIащ. Езыр зи пашэ ротэм хэт зауэлIхэм япэ иту ар бийм зыщигъэбыда щIыпIэм теуащ икIи ар иригъэкIуэтащ. Бийм езым и щIытIхэр иубыдыжыну къытригъэзэжурэ щэнейрэ къебгъэрыкIуащ, миномётхэр, пулемётхэр къигъэсэбэпурэ. Ауэ ди зауэлIхэм ахэр къызэтрагъэувыIэн яхузэфIэкIащ. Хэкур хуит къэщIыжыным лIыгъэ хэлъу щIэзэуурэ а махуэм хэкIуэдащ ныбжьэгъу Щомахуэр».

Ауэ, къызэрыщIэкIамкIэ, Щомахуэ Абдурэхьим псэууэ къэнащ. Ар уIэгъэ хьэлъэ хъури, гъэру яубыдащ икIи 1944 гъэм щIышылэм и 15-м щегъэжьауэ 1945 гъэм накъыгъэм и 2-м нэсыху концлагерым исащ. Зауэ нэужьым къигъэзэжри, Абдурэхьим илъэс куэдкIэ пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу Зеикъуэ щылэжьащ. Абы сабиитху игъуэтыжащ икIи бын хъарзынэхэр игъэсащ.

А махуэм лейтенант Щомахуэ Абдурэхьим и дамыгъэхэм я удостоверенэхэр зэхыхьэм щратыжащ лIыхъужьым и бынхэм.

**ЧЫЛАР Аринэ**,
*Бахъсэн районым и администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

# Эксперт-аналитикэ советыр IэщIагъэлIхэр щызэчэнджэщ утыкущ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къыщызэрагъэпэщащ эксперт-аналитикэ совет. Абы и унафэщI, Урысей Федерацэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик Тау Пщыкъан ди корреспондентым упщIэ зыбжанэкIэ зыхуигъэзащ.***

**- Дызэрыщыгъуазэщи, экономикэм, щэнхабзэм, псэуныгъэм пыщIа Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэгухьэныгъэ зыбжанэ республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэщ. Абыхэм къадэкIуэу эксперт-аналитикэ советыр къызэрагъэпэщын хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр сыт?**

- Псори дызэрыщыгъуазэщи, иджыпсту къэралыр гугъуехь пыухыкIахэм хэтщ. Абы нэхъри нэхъ ткIийуэ къытхуегъэув сыт хуэдэ лъэпощхьэпори къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр псынщIэу дубзыхун, ахэр къызэнэкIынымкIэ хэкIыпIэхэр къэтхутэн хуейуэ. Унафэ тэмэмыр куэдкIэ елъытащ Iуэхур щIэныгъэр и лъабжьэу убзыхуа зэрыхъуну чэнджэщхэр и зэманым гъэхьэзырыным.

Мыбдеж къэгъэлъэгъуапхъэщ чэнджэщыр къызыбгъэдэкIхэри къэлъытэн зэрыхуейр. Япэрауэ, мыхьэнэшхуэ яIэщ щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэмрэ абыхэм зэхалъхьэ чэнджэщхэмрэ. Ауэ республикэм и цIыхухэми ечэнджэщын зэрыхуейр псом я дежкIи нэрылъагъущ. Мис а лъэныкъуитIыр зэбгъэуIужмэщ республикэм зегъэужьынымкIэ стратегие планхэр гъэзэщIэным хуэунэтIа хэкIыпIэхэр белджылы щыпхуэщIынур.

**- Фи советым и зэхэлъыкIэмрэ абы хагъэхьахэмрэ тхутепсэлъыхьыт.**

- Эксперт-аналитикэ советыр щызэчэнджэщ икIи чэнджэщ пыухыкIахэр зыгъэхьэзыр органщ. Абы и къалэнщ республикэм щрагъэкIуэкI экономикэ, социальнэ политикэр зэпкърихыну, ди щIыналъэм щыIэ гугъуехь нэхъыщхьэхэм я щхьэусыгъуэхэр зэхигъэкIыну. Апхуэдэ советхэр къэралым и щIыналъэхэм я нэхъыбапIэм щылажьэу хуежьащ.

Советым хэтхэм я къалэныр пщIэншэу ирахьэкI икIи абы папщIэ улахуэ къыIахыркъым. Ахэр дэтхэнэри хуэфащэ дыдэу советым хагъэхьауэ сэ къызолъытэ, сыту жыпIэмэ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм фIыуэ хэзыщIыкI защIэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, республикэм иджыпсту щыIэ щытыкIэр нэгъэсауэ зэпкърыпхын, хэкIыпIэ тэмэмхэр къэбгъуэтын папщIэ цIыху 27-р мащIэIуэщ икIи экспертхэм ящыщ дэтхэнэ зыми езым къызэригъэпэщыжын хуейщ зыхэплъэ IуэхухэмкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъун гуп.

Советым къыдэIэпыкъуфынущ щIэныгъэ пыухыкIа зыбгъэдэлъ, гъащIэм фIыуэ хэзыщIыкI дэтхэнэ зы цIыхури. ИIыгъ къулыкъум емылъытауэ, губзыгъагъэ зыхэлъ чэнджэщхэр къуитыфынущ профессорми, мэкъумэшыщIэми, рабочэми, егъэджакIуэми.

Апхуэдэу дэ дыхьэзырщ нобэ республикэм унафэщI IэнатIэхэр щызыIыгъхэм я ныкъуэкъуэгъуу зыкъэзылъытэж гупхэми дадэлэжьэну. Оппозицэм къиIэт ныкъусаныгъэхэри гулъытэншэу къэбгъанэ хъунукъым. Сэ сызэреплъымкIэ, властыр зыIыгъхэри а властыр зыубхэри зыхущIэкъур зыщ - Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Ауэ а мурадым ухуэзышэ гъуэгум лъэныкъуитIыр зэреплъыр зэтемыхуэу ар къудейщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, зэныкъуэкъуныгъэри зытеухуауэ щытыпхъэр ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ.

**- Советым сыт хуэдэ къалэнхэр къыбгъэдэхуэрэ, сыт хуэдэ полномочиехэр иIэ?**

- Эксперт-аналитикэ советыр нэхъыбэу къыщIызэрагъэпэщар экономикэ Iуэхухэр зэблэгъэкIыным, IэнатIэ щхьэхуэхэм я программэхэм, стратегие, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ программэхэм ехьэлIа законхэмрэ адрей хабзэ мардэхэмрэ я проектхэм пэублэу хэплъэн икIи ахэр къызэрыщыхъур тхауэ республикэм и Iэтащхьэм и пащхьэ ирилъхьэн папщIэщ. Апхуэдэ тхыгъэхэр щыдгъэхьэзыркIэ дэ псом япэу къэтлъытэнур къащтэ къэрал унафэхэмрэ ахэр зэрагъэзэщIэну щIыкIэмрэ къадэкIуэнкIэ хъуну Iуэхухэрщ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэу щытынущ федеральнэ программэ хэхахэм, республикэм щагъэзащIэ программэхэмрэ концепцэхэмрэ зэрыхэтынум щIыналъэм къыхуихьынухэр зэхэгъэкIыныр. Апхуэдэу дэ едгъэкIуэкIынущ КъБР-м и Iэтащхьэм икIэщIыпIэкIэ зэфIэдгъэкIын хуейуэ ди пщэ кърилъхьа эксперт лэжьыгъэри.

Къыдбгъэдэхуэ полномочиехэр дгъэзэщIэн папщIэ дэ хуитыныгъэ диIэщ дызыхуей бжыгъэхэмрэ материалхэмрэ властым и къэрал органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, организацэхэм, къулыкъущIэхэм къеIытхыну, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я IэщIагъэлIхэр эксперт лэжьыгъэм къыхэтшэну. Апхуэдэу советым къызэригъэпэщынущ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу къилъытэ Iуэхухэм щыхэплъэну зэIущIэхэр.

**- Экспертхэр зытепсэлъыхьыну япэ Iуэхур къыхэфха?**

- Советыр зы илъэсым къриубыдэу зэрылэжьэну планыр зэхэтлъхьащ икIи ар КъБР-м и Iэтащхьэм къиштащ. Планым хэдгъэхьащ мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, финансхэмрэ кредитхэмрэ, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ, производствэм пымыщIа адрей IэнатIэхэм ехьэлIа Iуэхухэр. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм елэжьыну эксперт гупхэр зэхэдгъэуващ икIи абыхэм зыхуеину материалхэр зэхуахьэсу щIадзащ.

Сэ къызэрыслъытэмкIэ, республикэм и дежкIэ иджыпсту мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхущ бэджэнд зэхущытыкIэхэмрэ ахэр егъэфIэкIуэнымрэ. Экономикэ щытыкIэм и мызакъуэу, ар социальнэ зэхущытыкIэхэми куэдкIэ япыщIащ. Мис а Iуэхури эксперт гупым зэпкърахыу щIадзащ. Япэ силъэдэну сыхуейкъым, ауэ сэ шэч къытесхьэркъым абы и лъэныкъуэкIэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр дэдгъэкIын папщIэ экспертизэ тэмэм зэрытхуегъэкIуэкIынум. Мы Iуэхум езыхэр зэреплъыр къыхалъхьэ хъунущ фи газетым еджэхэми.

*Епсэлъар* **ИУАН Русланщ**.

● Къэрал IуэхущIапIэхэм

# Махуэм цIыху минитIым щIигъу йокIуалIэ

**«КъБР-м къэрал, муниципальнэ IуэхутхьэбзэхэР зэуIуу щагъэзащIэ и центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэр (адэкIэ - «КъБР-м и МФЦ» ГБУ) дызэрыт мэлыжьыхьым и 6-м илъэсиплI ирикъуащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыяпэ, къалэн куэд щызэфIагъэкI центрыр 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м Налшык къыщызэIуахащ. Абы и къалэн нэхъыщхьэу щытари, нобэ зытетри тыншу икIи зэуIуу «зы щхьэгъубжэ» IэмалкIэ къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнырщ.

ИлъэсиплIым къриубыдэу лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ: «КъБР-м и МФЦ» ГБУ-м и хэщIапIэм Iуэхутхьэбзэу щагъэзащIэр 87-м щегъэжьауэ 267-м нэсащ. ЦIыхухэм тыншу ядэлэжьэн папщIэ, пщIэкIэ зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэр къыхалъхьащ. Апхуэдэщ зэгурыIуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, гъунапкъэхэр зэхэзыгъэщхьэхукI планхэр зэрыхуагъэхьэзырыр, щIыпIэхэм Iуэхутхьэбзэ зэрыщыхуащIэр, нэгъуэщIхэри. Къэгъэлъэгъуапхъэщ ветеранхэм, Хэку зауэшхуэм хэтахэм, япэ гупым хыхьэ ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ а Iуэхутхьэбзэхэр зэрыпщIэншэр.

IэнатIэхэм зэдай электрон зэпыщIэныгъэ Iэмалым хуэм-хуэмурэ хуокIуэ. Абы тхылъымпIэкIэ зэIэпах хъыбархэр егъэмащIэ, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэ зэманым къыдегъэахуэ.

Къалэн куэд зыгъэзащIэ центрым и хэщIапIэм ику иту махуэм цIыху минитIым щIигъу йокIуалIэ. ИлъэсиплIым къриубыдэу IэнатIэрэ цIыху щхьэхуэу мин щитхурэ тхущIым зыкъытхуагъэзащ, Iуэхутхьэбзэу мин щихрэ тхущIым щIигъу яхуэтщIащ. Нэгъабэ къытхуэкIуахэм я процент 95-р ягъуэта Iуэхутхьэбзэхэм арэзы техъуащ. Ди дежкIэ ар бжыгъэфIщ.

Апхуэдэу къалэн куэд зыгъэзащIэ центрым республикэ бюджетым хэлъхьэныгъэфI хуещI. КъапщтэмэI, ди Iуэхутхьэбзэхэм хуэзэ къэрал пошлинэр федеральнэ, щIыналъэ бюджетхэм зэрытрагуашэм и хьэкъкIэ, илъэс кIуам ди IэщIагъэлIхэм сом мелуан 20-м щIигъу зэщIагъэуIуащ.

Мы зэманым центр нэхъыщхьэм и хэщIапIэ пщыкIуз Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэхуауэ щолажьэ, къалэ, къуажэ псоми и къудами 150-рэ щыIэщ, республикэм щыщ дэтхэнэми къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щыпсэу щIыпIэхэм щагъуэт.

Iуэхутхьэбзэхэр зэуIуу щызэфIагъэкI центрхэм зэрызрагъэужьым и фIыгъэкIэ, цIыху щиплIым щIигъум IэнатIэ ягъуэтащ. Зэман гъунэгъум а бжыгъэр щитхум нэсынущ. Ди IэщIагъэлIхэм я щIэныгъэм зэрыхэдгъэхъуэным дыхущIокъу, ди деж зэрыщедгъаджэм къыдэкIуэу, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, псалъэм папщIэ, Урысей Реестрым и щIыналъэ управленэм, республикэм и Пенсэ фондым, ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ центрым, нэгъуэщI щIыпIэхэм догъакIуэ.

«КъБР-м и МФЦ» ГБУ-м и унафэщIхэм Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъымрэ чэзур зэтегъэкIынымрэ гулъытэ хэха хуащI. Къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэм зегъэужьыным, ахэр егъэфIэкIуэным дяпэкIи дегугъунущ. Дапщэщи дыв дэIэпыкъуну дыхьэзырщ.

*«МФЦ» ГБУ-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Мазищ лэжьыгъэм ироплъэж

**Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм къыщапщытэжащ 2016 гъэм и япэ мазищым я лэжьыгъэм кърикIуахэр, гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэхэр яубзыхуащ.**

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым Законностымрэ хабзэмкIэ и комитетым и депутат **Попов Виктор**, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ, полицэм и полковник **Тату Къазбэч**, Налшык къалэм и прокурор, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь **Лъостэн Залым**, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Бетрожь Сослъэнбэч**, УМВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн** сымэ.

Илъэсым и япэ мазищым я лэжьыгъэм кърикIуахэм тепсэлъыхьащ Налшык къалэмкIэ УМВД-м и штабым и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник **Къармэ Анзор**. Абы къыхигъэщащ къалэм щIэпхъаджагъэу щалэжьыр гъэмэщIэным я къарур нэхъри хузэщIагъэуIуэн зэрыхуейр.

- ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэрэ хьэлъэ дыдэу, нэгъуэщIу Налшык къалэ щатхар нэхъ мащIэ хъуащ. ЩIэпхъаджагъэу сэтей къащIым хэхъуащ. 2016 гъэм и япэ мазищым Управленэм и лэжьакIуэхэм я къарукIэ шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщащ цIыху куэд щызэхуэса жылагъуэ-политикэ зэхыхьэ 12-м, щэнхабзэ-нэгузегъэужьыпIэ зэхыхьэ 74-м, спорт зэIущIэ 83-м, нэгъуэщIхэми. Псори зэхэту Iуэхугъуи 186-м, - жиIащ Къармэм.

ЗэIущIэм къызэрыщагъэлъэгъуащи, Налшык къалэм и бзэрхэм щрагъэкIуэкIащ фадэхэкI нэпцIхэр зэрагъэкIуэныр къыщIэгъэщыным икIи апхуэдэ къуаншагъэ зылэжьахэр жэуапым ешэлIэным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр. Удэзыхьэх джэгукIэхэр щекIуэкIымрэ ахэр къызэзыгъэпэщхэмрэ къыщIэгъэщыныр я нэIэ нэхъ зытетхэм ящыщщ. Жыджэру пэщIэтщ административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынми.

Налшык къалэм щыIэ УМВД-м и унафэщI, полицэм и полковник **Геграев Марат** къыхигъэщащ зыхуагъэувыжа къалэнхэр гъэзэщIэным и гупыр зэрыхуэхьэзырыр, Налшык къалэр мамырын, шынагъуэншэн папщIэ яхузэфIэкI зэращIэнур.

**Тату Къазбэч** нэхъ зытригъэщIар цIыхухэр къэзыгъэпцIэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэрщ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэ хъунымкIэ лэжьыгъэр нэхъри гъэлъэщын зэрыхуейрщ.

*Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● ГуфIэгъуэ пшыхьхэр

# ФIыщIэ зыхуэфащэхэр

**ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэм и махуэр Налшык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм мэлыжьыхьым и 21-м Iэтауэ щагъэлъэпIащ. Абы ирихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэр, республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ муниципалитетхэмрэ я унафэщIхэр, IэщIагъэлIхэр, жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, щIыпIэхэм щыщ щIалэгъуалэр.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуаха нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Тхьэмадэм и къуэдзэ, а IуэхущIапIэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и къудамэм и унафэщI Сарбашевэ Светланэ зэхуэсахэм я махуэмкIэ ехъуэхъури, республикэм и Iэтащхьэм и Указ зыбжанэм къеджащ, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ. Абыхэм ящыщщ Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм ЗАГС-мкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI Балъкъыз Мирэ, Яныкъуей, Урыху къуажэхэм я Iэтащхьэхэу Беппаев Ильяс, Гугъуэтыж Марат, Май муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Александровскэ станицэм и администрацэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Жаренкэ Людмилэ, Аруан район администрацэм финансхэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Щад Замирэ, Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Казиев Анатолэ, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим къигъэлъэгъуащ ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэр хэхауэ зэрагъэувам абы и мыхьэнэмрэ игъэзащIэ къалэнымрэ зэрыхигъахъуэр, властым и къудамэхэм ящыщу цIыхухэм нэхъ япэгъунэгъури, зэпымыууэ ядэлажьэри зэрыарар.

- Муниципалитет лIэужьыгъуэ псоми зыхуэфащэ пщэрылъхэр яIэщ. Ахэр гъэзэщIэным фызэрегугъум, унафэ зытещIыхьыпхъэ Iуэху куэд махуэ къэс зэрызэфIэфхым дыщыгъуазэщ. Нэхъыщхьэращи, цIыхубэ властым и зэфIэкIыр нэхъыфIу къызэрывгъэсэбэпыным фыхущIокъу. ЕхъулIэныгъэ нэрылъагъухэр фиIэу фи махуэм фрихьэлIащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къыбгъэдэкIыу, си щхьэкIэ дяпэкIи хэвгъэхъуэну сынывохъуэхъу. Республикэм и зыужьыныгъэмрэ бэм я зэIузэпэщыныгъэмрэ фызэхуэузыншэу куэдрэ фахуэлэжьэну си гуапэщ, - къыхигъэщащ Жанатаев Сэлим икIи хабзэубзыху IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъыр, зэхуэсахэм я Iэгуауэм щIэту, цIыхуиплIым яритащ.

«КъБР-м и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Пэнагуэ Максим щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхур дэзыгъэкI, ар дэзыIыгъ псоми я махуэм фIы къахудэкIуэну, цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным, зэIузэпэщыныгъэ къызэгъэпэщыным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щаIэну ехъуэхъуащ.



ИужькIэ зэхыхьэ гуапэм щагъэнэIуащ «КъБР-м и жылагъуэхэм я муниципальнэ щIыналъэ нэхъыфI», «КъБР-м и къалэхэм я администрацэ нэхъыфI», «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэм и цIыхубз унафэщI нэхъыфI», «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я IуэхущIафэм нэхъыфIу тетхыхь хъыбарегъащIэ IэнатIэ» зэпеуэхэм къыхэжанык Iахэр.

Республикэ комиссэм и унафэм ипкъ иткIэ, «КъБР-м и жылагъуэхэм я муниципальнэ щIыналъэ нэхъыфI» зэпеуэм Бахъсэнёнкэ къуажэр щытекIуауэ къалъытащ. Дей жылагъуэм етIуанэ увыпIэр иратащ. Ещанэр зыми лъысакъым.

«КъБР-м и къалэхэм я администрацэ нэхъыфI» зэхьэзэхуэм Нарткъалэ бжьыпэр щиубыдащ.

«КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэм и цIыхубз унафэщI нэхъыфI» зэпеуэм Прохладнэ районым хыхьэ Малакановскэ къуажэм и Iэтащхьэ Пурик Санетэ щытекIуащ. Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ ЯтIэкъуэ къуажэм и унафэщI Цей Лианэ етIуанэ хъуащ, Май муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Марченкэ Валентинэ зэхьэзэхуэм и дипломантщ.

«КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я IуэхущIафэр нэхъыфIу къэзыгъэлъэгъуа хъыбарегъащIэ IэнатIэ» номинацэм «Зольские вести», «Прохладненские известия», «Голос Чегема» редакцэхэм я газетхэр щытекIуащ.

Зэпеуэхэм къыхэжанык Iахэм дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ.

ЗэщIэкъуауэ, гукъинэжу екIуэкIа гуфIэгъуэ пшыхьым хэтахэр концерт купщIафIэ ирагъэплъащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик**.



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Гулъытэ хуащI

● ЗэIущIэхэр

**КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм щызэхуэзащ Чернобыль АЭС-р къыщыуам абы къулыкъу щызыщIахэмрэ республикэм и IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я IэщIагъэлIхэмрэ.**

- ЗЭРЫФЩIЭЩИ, мэлыжьыхьым и 26-м илъэс 30 ирикъунущ Чернобыль АЭС-м гузэвэгъуэ къызэрыщыхъурэ. Абы ирихьэлIэу мыпхуэдэ зэIущIэ къызэдгъэпэщыныр тэмэму къэтлъытащ, а Iуэхум хэтахэм дазэрыдэIэпыкъум теухуауэ гукъеуэ зиIэхэр щыIэ хабзэщи, - жиIащ КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**.

Абы къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ зэIущIэм кърагъэблэгъахэр: Урысейм и МЧС-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ управленэ нэхъыщхьэм кадрхэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Суйдым Уэзырхъан**, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм лэжьапIэ IэнатIэ Iуту зи узыншагъэм зэран игъуэта цIыхухэм мазэ къэс ахъшэ яхухэхыныр къызэзыгъэпэщ и къудамэм и унафэщI **Темыржан Наталье**, Налшык къалэм и Пенсэ фондым и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Хьэмгъуокъу Иринэ**, къудамэм и эксперт нэхъыщхьэ **Гуо Марьянэ**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Швачий Татьянэ**, «ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ республикэ центр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Мэзло Руслан**, КъБР-м и Дзэ комиссариатым социальнэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Костенкэ Еленэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Япэу псалъэ зрата Швачий Татьянэ жиIащ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэр Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа гузэвэгъуэр гъэзэкIуэжыным хэтахэм жыджэру зэрадэIэпыкъур.

- Щыпсэун ямыIэу е зэрагъэпэщыжын хуейуэ гугъу ехьхэм ахъшэкIэ защIэгъэкъуэным 2005 гъэ лъандэрэ дытолажьэ. Абы и пэкIэ а Iуэхур зи пщэ дэлъар Урысейм и МЧС-рщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2002 гъэ лъандэрэ псори зэхэту сом мелуан 315,8-рэ текIуэдауэ унагъуи 187-р псэупIэкIэ къызэдгъэпэщащ, - жиIащ Швачий Татьянэ. - Мы гъэм апхуэдэ къэрал сертификатыр зы унагъуэм къыIэрыхьащ. Къыхэзгъэщынут Чернобыль АЭС-м щыIахэм ящыщу псэупIэкIэ къызэмыгъэпэща мы зэманым дызэримыIэжыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, къэрал программэр дгъэзэщIащ. Ауэ гу лъывэзгъэтэнут: зи унэр ущыпсэу мыхъуну къалъытэхэр къыхэкIмэ е унагъуэм исым къахэхъуамэ, щIыпIэ администрацэм тхыгъэ щIалъхьэ хъунущ я псэупIэм зрагъэубгъуну зэрыхуэныкъуэр иту.

Темыржан Наталье тепсэлъыхьащ зи гугъу ящI цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэу ягъуэтхэр зыхуэдэм. Абы жиIащ мы зэманым КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм цIыху 758-м зэрызащIигъакъуэр. «Я узыншагъэм зэран зэригъуэтам теухуауэ цIыху 636-м ахъшэ ират, 624-м мазэ къэс ерыскъы къызэращэхуну ахъшэ къаIэрохьэ. КъищынэмыщIауэ, Чернобыль АЭС-м щыIахэм я узыншагъэр зэрырагъэфIэкIуэжым, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIатым я уасэхэмкIэ защIыдогъакъуэ (цIыху 526-м). ПсэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ зы цIыхум хуэзэу ику иту сом 675-рэ къылъос», - жиIащ абы.

КъБР-м и Дзэ комиссариатым социальнэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Костенкэ Еленэ къыхигъэщащ IуэхущIапIэм и учётым пенсионер 1526-рэ зэрыщытыр. Абыхэм ящыщу 18-р Чернобыль АЭС-м контракткIэ къулыкъу щызыщIащ, 6-р шынагъуэ зыпылъ IэнатIэхэм пэрытащ. Абыхэм я пенсэр ику иту сом мин 20 - 25-рэ мэхъу, я узыншагъэмкIэ зэран зэрыхуэхъуар зэрыхуапшыныжыр хэмыту. «Ахъшэр Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къытхуегъакIуэ, федеральнэ бюджетым къыхэкIыу», - дыщIигъуащ Костенкэм и псалъэм.

КъулыкъущIэхэм зэIущIэм кърихьэлIахэм я упщIэхэм жэуап иратащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

# Уи Хэкум и мывэри дыщэщ

## Абазэ Шэрэф и гъуэгу гугъухэр

**<u>Сирием и Парламентым и депутату, Къухьэплэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ шэрджэс хэхэсхэм я пашэхэм ящыщу щыта, дохутыр Iэзэ Абазэ (Мэршэн) Шэрэф хэкужьыр псэупIэ ищIыжащ. Ар илъэсиплI ипэ Абхъаз къэралым Iэпхъуэжащ. Нобэ Шэрэф езым хуэдэу адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжхэм зэрыхузэфIэкIкIэ ядоIэпыкъу. Дамаск дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу илъэс 12-кIэ тета Абазэ Шэрэф мы зэманым АР-м Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэмкlэ къэрал комитетым Iуэху щещIэ.</u>**

«УИ ГУГЪУ къытхуэпщIамэ ди гуапэт», жыпIэу Шэрэф зыхуэбгъэзамэ, жиIэр мыращ: «Илъэс 77-рэ сохъу. Аращ си гъащIэ гъуэгуанэр». Шэч хэмылъу, ар цIыху зэпIэзэрытым, зи щхьэ щытхъужыну зи жагъуэм и жэуапщ. Аращ абы къэзыцIыхухэм, и гъащIэм щыгъуазэхэм, къыдэлажьэ нэхъ щIалэIуэхэм «ахъырзэманщ» щIыхужаIэр.

1940 гъэм Мэршэн Шэрэф къыщалъхуащ Абхъазым зэгуэр икIауэ Дамаск щыпсэу унагъуэм. Джулан лъагапIэхэм и Iэгъуэблагъэм и сабийгъуэр щигъэкIуащ. Махуих зауэр (1967 гъэ) щекIуэкIа, нобэр къыздэсым Сириемрэ Израилымрэ яхуэзэрымыгъэгуэш а щIыпIэрщ Кавказым икIа лъэпкъхэм я псэупIар. Израилым иригъэкIуэкIа зауэм иужькIэ абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ я нэхъыбэм Джуланым щыIэ жылагъуэ 14-р ябгынэри, Дамаск псэупIэ ящIащ.

- Си адэ-анэри сэри дыкъыщалъхуар Дамаскщ. Дыщыпсэуа къуажэм зэреджэр Мумсиещ, абы дэсахэм я нэхъыбэр абазэт. Си адэшхуэм и адэшхуэ Мэршэн Хьырипс Эскишехир (Тырку) къиIэпхъукIри, Кавказым къикIахэм я гъусэу ЩамкIэ иунэтIащ,- пещэ Шэрэф.

Школыр къиухыу дзэм къулыкъу щищIа нэужь, медицинэмкIэ университетым щеджэну ар Тыркум макIуэ. А зэманым Абазэр дехьэх коммунист гупсысэхэм икIи а идеологием ехьэлIа пэкIухэм хэту яубыда щIалэр хьэпсым ирадзэ.

- Сэ нобэр къыздэсым сыкоммунистщ,- жеIэ Шэрэф и щхьэр лъагэу.

Лъэхъуэщым къикIыжынымкIэ абы сэбэп къыхуэхъуащ Сирием и Президент Хьэфез Асад. Ар Абазэ Шэрэф и къуэш нэхъыжь Мамдухь и ныбжьэгъуфIт. Шэрэф къаутIыпщыжын папщIэ Сирием гъэр щащIа тыркуитIкIэ коммунист щIалэр къахъуэжащ.

Тыркум къикIыжу Дамаск къэзыгъэзэжа Шэрэф и IэщIагъэм ехьэлIауэ ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэригъэхьащ. Ар гастроэнтерологиемкIэ дохутыр Iэзэ хъуащ. ИужькIэ Сирием щыIэ дохутырхэм я зэгухьэныгъэм и пашэу ягъэуващ, абы къыдэкIуэуи, Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу хах. Мы къэралым щыпсэу абхъазхэр адыгэхэм къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ. Абазэхэм я нэхъыбэм я анэдэлъхубзэр ящIэжкъым, зэрыпсалъэр адыгэбзэрэ хьэрыпыбзэрэщ. Шэрэф зэрыжиIэмкIэ, зы къуэпсым къикIыкIа зэкъуэш лъэпкъитIыр зэпэщхьэхуэ ящIынкIэ Iэмал зимыIэт. ИкIи сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэми ахэр зэкъуэту яужь ихьэрт.



**Абазэ Шэрэф** *(ижьымкIэ етIуанэщ)* **Дунейпсо Адыгэ Хасэм и IV Конгрессым кърихьэлIащ.** *1998 гъэ*

- Абы щыIэ шэрджэс диаспорэм хохьэ абхъазхэр, абазэхэр, къэбэрдейхэр, адыгейхэр. Кавказым къикIауэ Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр занщIэу къыбоцIыху. Ахэр жыджэрщ, икIуэт зымыщIэщ. Дэ сыт щыгъуи дыхущIэкъурт адэжь щIыналъэм ди лъым хэту къыздитха хабзэр, нэмысыр зэрытхъумэнум, - игу къегъэкIыж Абазэм.

1998 гъэм Шэрэф Сирие Хьэрып Республикэм и Парламентым и депутат хъуащ, иужькIи тIэунейрэ абы хахыжащ.

- Башар Асад щIэныгъэ куу, зэхэщIыкI лъагэ зиIэ цIыхущ. Абы фIыуэ елъагъу къызыхэкIа лъэпкъыр. Езыми цIыхубэм пщIэ къыхуещI.

Сирием зауэ къыщыхъея нэужь, Мэршэн Шэрэф и унагъуэм и ныкъуэр Щам къыдэнащ, адрейхэм Абхъазым къагъэзэжащ. Мы зэманым мафIэм хэт Сирием къикIыжауэ Сыхъум къэкIуэжахэм я бжыгъэр 100-м щIегъу. Къэралыр иужь итщ абыхэм зэрыхузэфIэкIкIэ зэрызащIигъэкъуэнум.

- Адэжь щIыналъэращ псэхупIэ схуэхъужар, - жеIэ гуфIэу Шэрэф.

Япэ дыдэу Абазэр Совет Союзым къыщихьар 1980 гъэхэрщ. Ар мызэ-мытIэу щыхьэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм.

Мы зэманым Сирием щопсэу Шэрэф и къуэш нэхъыщIэ Уэлид. Ар генерал-лейтенантщ, Джулан лъагапIэхэм щыIэ фронтымкIэ жэуап ехь. Махуэ къэс зэкъуэшхэр телефонкIэ зопсалъэ, хъыбарыщIэхэмкIи зохъуажэ. Шэрэф и къуэшым деж лъагъунлъагъу мазитIкIэ зэрыщыIэри куэд щIакъым. Абы зэрыжиIэмкIэ, Урысейр Сирие Iуэхухэм зэрыхэIэбэрэ щытыкIэр нэхъыфI хъуащ. МафIэ лыгъэр гъэувыIэным теухуауэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэми гугъэ къахилъхьэж хуэдэщ. Асад и дзэм зауэр ягъэувыIами, террорист гупхэм иджыри Iэщэр ягъэтIылъыну хьэзыркъым. Абы къыхэкIкIэ щIыпIэ-щIыпIэхэм зэхэуэхэр щекIуэкI къохъу. ПIалъэ кIэщIкIэ террорым и телъхьэхэм Iэщэр ямыгъэтIылъмэ е абыхэм къагъэхъея зауэм я щхьэр хамылъхьэмэ, щытыкIэр щIэрыщIэу зэщIэплъэжынкIэ шынагъуэщ. Апхуэдэу къэхъумэ, а зауэм хыхьэнущ Тыркур, Иракыр, Ираныр. Абы я сэбэп хэлъкъым нэхъ къэрал лъэрызехьэхэу Урысеймрэ США-мрэ. Iуэхум хуабжьу ирогузавэ хэкужьым къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъухэр.

**АРДЗИНБЭ Астандэ.**
*Сыхъум къалэ*

● Ди псэлъэгъухэр

## ФIы щIэи, псым хэдзэ


Къарэ Ратмир

***Дэ ди псэлъэгъущ «Жьэгу» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ, апхуэдэуи псапащIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ зыбжанэм хэт Къарэ Ратмир. Абы Хэкум къэзыгъэзэжахэм яхуэгъэзауэ лэжьыгъэ куэд ирегъэкIуэкI.***

**<u>- Ратмир, ди гуапэт газетым и щIэджыкIакIуэхэм евгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я гугъу яхуэпщIамэ. КъищынэмыщIауэ, адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжахэм уадэIэпыкъун хуей щIэхъуам утезгъэпсэлъыхьынут.</u>**

- Сирием зауэр щыщIидзам щыгъуэ, Кавказым къихьэжагъащIэхэм я деж сыкIуэри, я Iуэху зытетыр зэзгъэщIауэ щытащ. Сэри а Iуэхум теухуауэ жэуаплыныгъэ гуэр схьыну къызэрыстехуэр къызгурыIуэрт. Арати, хэкIыпIэу щыIэхэр къэслъыхъуэу щIэздзащ. Зауэм кърихужьэжахэм я псэукIэм зыщызгъэгъуэза нэужь, нэхъапэу зызыхуэзгъэзахэм ящыщщ Щхьэлыкъуэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Къуныжь Хьэчим. Абы «мыр зэкIэ хьэзыру сIыгъщ» жиIэщ, занщIэу и жыпым ахъшэ кърихри, хьэжыгъэ къэпитху, дагъэ къищэхури яхузигъэшауэ щытащ. Абы иужькIэ «Пэрыт» жылагъуэ зэгухьэныгъэми сыкIуащ.

Къыхэзгъэщынут, интернетым къыдит Iэмалхэри къызэрыдгъэсэбэпыр. «Фейсбук»-м къыщызгъуэтащ КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ и министру илъэс куэдкIэ лэжьа Ефэнды Джылахъстэн ипхъу Бэджрэт Ольгэ къызэригъэпэща «Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм дадэвгъэIэпыкъу» гупыр. Сэри абы сыхыхьащ. Дэ къыхэтлъхьащ накъыгъэм и 21-м Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ехьэлIауэ зэIущIэхэр едгъэкIуэкIыну.

Япэ дыдэу Сирием къикIыжахэм я сабиийхэр зэхуэтшэсри, IэфIыкIэхэр яхуэдгуэшащ. Абы иужькIэ нэщIикIыж махуэм аргуэру а цIыкIухэм «Сабийхэм хэкум къагъэзэж» псалъэхэр тету тортышхуэ яхуедгъэщIащ. МащIэ-куэдми, апхуэдэт ди япэ лъэбакъуэхэр.

Хуэм-хуэмурэ а щIыкIэм тету мы Iуэхум сыхыхьащ. Зэман дэкIри, адэжь щIыналъэм къэкIуэжахэм жылагъуэхэм унэхэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыщыхуащэхуащ. КъэIэпхъуэжахэр нэхъыбэу дагъэтIысхьащ Прохладнэ, Лэскэн, Бахъсэн щIыналъэхэм хиубыдэ къуажэхэм.

Иужьрей зэманым къыдэхъулIахэм ящыщщ Адыгэ махуэгъэпс къызэрыдэдгъэкIар. Абы къыщIэтх ахъшэр нэхъ хуэныкъуэхэм еттынущ. «Унэ хуит» фIэщыгъэцIэм щIэту Iуэху къызэдгъэпэщауэ щытащи, ари илъэситI мэхъури зэпымыууэ йокIуэкI. Унагъуэхэм къамыгъэсэбэпыж, ауэ иджыри тIорысэ мыхъуа хьэпшыпхэр къыхэхауэ унэ зрату ягъэтIысыжахэм яIэрыдогъэхьэ.

Унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэр, унэлъащIэхэр, щыгъынхэр, ерыскъыпхъэхэр - куэд мэхъу а псапащIэ Iуэхум къитIасэр. Унэ зратахэр зыхуэныкъуэIауэ къэпсалъэмэ, зыщIэлъэIуар къазэрыхуэдгъуэтынум дыхущIокъу. Унагъуэхэм къыдат хьэпшыпхэр хуэныкъуэхэм яIэрыгъэхьэным гугъуехьхэр щыпыщIа къэхъуми, къыттехьэлъэркъым.

Иджыблагъэ цIыхубз гуэр къэпсэлъат «гъуэлъыпIэ гуэрхэр фэстынут», жиIэри. Ар езыр 12-нэ къатым тест. ГъуэлъыпIэр инт, къат дэкIуеипIэхэр зэвти, зытхуемыгъэгъазэу куэдрэ деныкъуэкъуащ. Ар къыщIэзыха щIалэхэми пщIэнтIэпсыр къапыхурт, ябгхэри игъэузат. ГъуэлъыпIэр Благовещенкэ къуажэм тшащ. Ар зыIэрыдгъэхьа унагъуэм я сабийхэр щIым щылъу жейуэ арати, абыхэм я гуфIэкIэр ялъэгъуа нэужь, щIалэхэм гугъуехьыр ящыгъупщэжат.

Налшык дэт Гъэш комбинатым шэ къыдитри зэбгрытшауэ щытащ. Ар нэхъыбэу зылъэдгъэIэсар къалэм дэс унагъуэхэращ. Хэт шху игъэпцIащ, хэти кхъуей хихащ. Зымахуэ Жэмтхьэлэ щыщ щIалэ Сыбырым щыпсэуну Iэпхъуэжырти, «Си унэм нэхъ хуэныкъуэ гуэр щIэвгъэтIысхьэ», - жиIэри къэпсэлъащ. Апхуэдэ гукъэкI дахэ зыщIэм уамыгъэгушхуэу къанэркъым.

«Гъавэ бэв» жытIэри, аргуэру Iуэху къызэдгъэпэщащ. Абы и фIыгъэкIэ къыхэтха жылапхъэхэр яхуэтшэри псоми яхуэдгуэшащ. Сирием къикIыжахэм я нэхъыбэр къалэращ щыпсэуар, къуажэ псэукIэм нэхъ пэжыжьэхэщ. Гъавэ зэращIэм и щэхухэм зэрыщымыгъуазэри гурыIуэгъуэт. Абыхэм урысыбзэ тэмэму зэрамыщIэр, адыгэбзэкIэ псори къызэремыджэфыр къэслъытэри, «Адыгэ псалъэ» газетым сыкъэкIуащ. «Унэй лъапсэ» напэкIуэцIхэр къэзгъуэтыжщ, кIэртIоф зэрыхэпсэнури хущхъуэ зэрытепкIэнури зэрыт тхылъ цIыкIури хьэрыпыбзэкIэ зэредгъэдзэкIри яIэрыдгъэхьащ. Жылапхъэхэмкlэ нэхъыбэу къыддэIэпыкъуар Дзэлыкъуэ щIыналъэрщ. Щхьэлыкъуэ къуажэм и тхьэмадэ Къуныжь Хьэчими кIэртIоф къэп тIощI къыдитащ. А жылэхэр хасащ. Абыхэм къыпыкIахэр хасэжурэ ягъэбэгъуэнщ, Тхьэм жиIэмэ.

ЗимыIэм, нэхъ хуэмыщIахэм адыгэр дэIэпыкъуу пасэм зэрыщытам и фIыгъэт жылэхэм тхьэмыщкIэ дэсу узэрымыхьэлIэр. А хабзэ екIур ноби ди цIыхухэм къазэрыдэгъуэгурыкIуэм и щыхьэтщ мыпхуэдэ щапхъэхэр.

**<u>- «Жьэгу» зэгухьэныгъэм и Iуэхущ1афэхэм дыщыгъуазэщ. Абы и къежьэкIам и гугъу уэзгъэщIынут.</u>**

- Сирием къикIыжахэм ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ гупым хэтхэр дызэчэнджэщри, «Жьэгу» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къыздгъэпэщащ. Абы нэхъыбэу хэтыр хэкужьым къэзыгъэзэжхэм зыщIэзыгъэкъуэну хуей щIалэгъуалэрщ. Зэгухьэныгъэм офис диIэщ. Сэбэп хъуну хэт сыт хуэдэ хьэпшып иIэми, мыбы кърашалIэ. Хэкур зэзыгъэгъуэтыжахэр зыхуэныкъуэ щыIэмэ, къокIуэри щIаш. ДэфтэрхэмкIи дадоIэпыкъу, ауэ ар нэхъ гугъущ. «Жьэгум» ди цIыху щIэсщ, пщэдджыжьым къыщыщIэдзауэ пщыхьэщхьэ хъуху. Фи газетыр къэзгъэсэбэпу, дэIэпыкъуэгъу хъуну хуейхэм къезгъэщIэну сыхуейт ди хэщIапIэр здэщыIэр - ар Тэрчокъуэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэ №2-ращ. Фыкъэпсалъэ хъунущ мы телефон номерымкIэ: 89289151550. Апхуэдэуи банкым счет щыдиIэщ. Ар къэдгъэлъэгъуа телефон номерымкIэ фыкъэпсалъэмэ, къэфщIэнущ.

**<u>- Хэкужьым къэзыгъэзэжахэм IэпщIэлъапщIэхэр, IэщIагъэ дахэхэр зиIэхэр мымащIэу яхэтуи къыщIэкIынщ... Апхуэдэхэм лэжьапIэ тыншу къагъуэтрэ?</u>**

- IэпщIэлъапщIэ куэд яхэтщ, шэч хэмылъу. Ауэ абыхэм нэхъ къатехьэлъэр урысыбзэ зэрамыщIэрщ. Бзэр умыщIэу лэжьапIэ къэбгъуэтынуи ущылэжьэнуи гугъущ. Сэ абыхэм яжызоIэ: фи бынхэр фегугъуу евгъаджэ, ахэр школым кIуэмэ, щIэныгъэ тэмэм зрагъэгъуэтмэ, къыдэкIуэтея нэужь, фэри фапIыжынщ.

Мыри жыIапхъэщ: лэжьэну хуейм сыт хуэдэ щIыкIэкIи ар къегъуэт. Хэкум къэкIуэжахэм яхэтщ ухуакIуэхэр, унэ зезыхьэхэр, шхапIэхэм щылажьэхэр. Сэ зы щIалэ соцIыху сыхьэтищ-плIы фIэкIа мыжейуэ жэщми махуэми шаурма ищIрэ ищэу. И щхьэ, и унагъуэ зэрипIыжын иужь итщ. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ, зэфIэкI зиIэ куэди яхэтщ хэкум къэзыгъэзэжахэм. Дунейпсо компаниехэм бухгалтеру, дохутыру щылэжьа, шы гъэхъуным хэзыщIыкIхэри щыIэщ. Спортсмен лъэщхэри къахэкIащ. Абыхэм ящыщу Къанокъуэ Мухьэмэд каратэмкIэ Сирием и чемпионщ, къуэкIыпIэ спорт зэзауэ лIэужьыгъуэхэмкIэ къызэрымыкIуэу IэкIуэлъакIуэщ.

**<u>- Сыт хуэдэ гукъеуэхэр яIэ Хэкум къэкIуэжахэм?</u>**

- Къызэрыхэзгъэщащи, иджыри унэ ямыIэу зыбжанэ щыIэщ, ахэр илъэсищ хъуауэ санаторэхэм щIэсщ. Я Iуэхур иджыри зэIубз хъуакъым. Ар я гукъеуэщ. ДэркIэ нэхъыщхьэращи, зэрытхузэфIэкIкIэ абыхэм защIэдгъэкъуэным иужь дитщ.

**<u>- Фи мурадхэр Тхьэм къывигъэхъулIэ.</u>**

*Епсэлъар*
**НАФIЭДЗ Мухьэмэдщ.**



● МакъыщIэ

## Уэтей Хьэзем утыку къохьэ

**<u>«ВагъуэщIэ» утыку къихьащ. Абы зэреджэр Хьэземщ. ЩIалэщIэр Сирием къикIыжа унагъуэхэм ящыщ Уэтейхэ къахэкIащ. Ар ныбжькIэ иджыри сабийми, дахэу уэрэд жеIэ. И макъ жьгъырур зыщигъэIуа Налшык дэт Къэрал кинокoнцерт залым щIэсахэм псоми гунэс ящыхъуащ.</u>**

ХЭКУЖЬЫМ къэзыгъэзэжахэм мымащIэу яхэтщ зэфIэкI лъагэ зиIэхэр. Сабийм и зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр зылъэгъуа нэхъыжьыфI, ХьэтIэхъуыщыкъуей къуажэм щыпсэу Джэдгъэф Хъусен абы адыгэ пыIэ хуищIащ.

Хьэзем и адэ Амыр и къуэшхэр и гъусэу Абхъазым щызэуащ 1992 - 1993 гъэхэм. Ар яхэтащ лагъым зыщIэлъ губгъуэхэр, щIыпIэхэр къэзыхутэу зыгъэкъэбзэжахэм. Сабий зэчиифIэм и анэ дэлъхури иракыдзэм кхъухьлъатэзехуэу хэтащ. Ауэ Абхъаз зауэр къызэрыхъейуэ, псори къигъанэри, Апсны щIыналъэр зыхъумахэм яхыхьат. ЩIалэщIэм и анэ Къардэн Хьидэт Сирием щыIэ шэрджэс ансамблым къыщыфэу, лъэпкъ фащэм уагъэхэр хидыкIыу щытащ.

Хьэзем цIыкIу и адэшхуэ ФуIэд Ефэнды Джылахъстэн и ныбжьэгъущ, Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщщ.

**МАХУЭЩ Шумахуэ.**

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НафIэдз Мухьэмэдщ.**

## Жыжьэ дыдэ къыщожьэ

● Iуэху еплъыкIэ

**<u>Нартхэм я зэманым къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым адыгэхэм къыддокIуэкI тхьэрыIуэ псалъэ «Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэ» жыIэкIэр.</u>**

ИЛЪЭС мин бжыгъэ зи ныбжь «Нарт» пшыналъэм ущрохьэлIэ Сосрыкъуэ иш Тхъуэжьей мыпхуэдэу къыжриIэу: «Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэ, уэ лIы ухъумэ, сэ шы сыпхуэхъункIэ».

Абы нэмыщIкIи Сэтэней Гуащэрэ Лъэпщрэ зэрызэщыхьам теухуауэ къаIуэтэжым ущрохьэлIэ:

**«... ВакIуэ-Нанэ IуегъэзыкIыжри,**
**кIуэм-лъэурэ,**
**Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэм**
**хуозэри, йолъэIу:**
**- Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэ,**
**щхьэузыхь сызыхуэхъун!**
**Си пхъурылъхур схуэгъэIущ,**
**схуэущий!**
**Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэ**
**къепсщ, къэхъуэпскIри**
**IукIыжащ».**

ЗанщIэу къыхэзгъэщыну сыхуейт мыбдежым «къепсщ, къэхъуэпскIри» жыхуиIэр дыгъэр къопс, уафэр мэхъуэпскI еплъыкIэу къызэрыбгурыIуэн хуейр.

Нобэр къэсыху дыщегупсыс къэхъурт Мыващхъуэ кIанэм, зэи дытемыплъауэ, ауэ ди бзэм хэту къыддекIуэкIар щыIэ гуэр хьэмэрэ къагупсыса жытIэу зыхуэтхьынур дымыщIэу. Ауэ а Мыващхъуэ кIанэр Анадолэм, нобэ Тырку къэралым щыIэ къалэжь Хьатусэ хьатхэм я къалащхьэу щытам, дэлъу къыщыдгъуэтыжым, куэдыр и пIэ иувэжащ икIи тхыдэми IуэрыIуатэми теухуауэ дэркIэ дызыхуейр зэIубз къищIащ.

Тхыдэтххэми щIэныгъэлIхэми щыжаIэ щыIэщ хьатхэр адыгэ-абазэ лъэпкъхэм я къуэшу, я бзэри зы лъабжьэм къыщежьэу. Ар щIигъэбыдэжу ди IуэрыIуатэми зыгуэрхэм ущрохьэлIэ.

«Нарт» пшыналъэм къыхэщу IуэрыIуатэм хэтхэм нэмыщIи Iуэху ублэ хъуэхъуу ди хъуэхъужьхэм мыпхуэдэу къыщригъажьэ къохъу:

**Ди Тхьэу, Тхьэшхуэ!**
**Анадолэу дыщэ къуэладжэ!**
**Iэ ижькIэ дыгъэублэ,**
**Iэ сэмэгукIэ дыгъэух** ...
*(Хъуэхъум пещэ).*

Мыващхъуэ кIанэр нобэ здэщыIэри мы хъуэхъум зи гугъу ищI Анадолэу дыщэ къуэладжэу хьатхэр щыпсэуа щIыпIэращ.

Ар, сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, илъэс мин бжыгъэ ипэкIэ адыгэ-абазэ лъэпкъымрэ хьатхэмрэ зэрыщIэу зэдэпсэуауэщ, я щIы кIапэ зэпылъу, зэкIэлъыкIуэу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зы Нарт хэкуу. Хьат щIыналъэр яубыда иужь, хуэмурэ зэпэIэщIэ дыхъуами, Мыващхъуэ кIанэр абдежым зэрыщыIэр дымыщIэжами, IуэрыIуатэм хэту ди бзэм ихъумащ.

Муслъымэн дин тхьэ IуэкIэхэр нобэ ди бзэм нэхъ къыхыхьауэ щытми, нэхъыбэу нанэхэм «Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэ» е «Уащхъуэ къану Мыващхъуэ кIанэ» тхьэрыIуэкIэхэр иджыри жаIэу щызэхэпх къохъу.

И гугъу сщIыну сыхуейт тхакIуэ Iэзэ, адыгэбзэр фIыуэ зыгъэубзэрэбза IутIыж Борис и пьесэм къыхигъэща пычыгъуэм:

**- Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэ!**
**ПхузощIыр сэри быдэу**
**мы Тхьэлъанэр.**
**Мы гъащIэ хышхуэм дэнэ**
**симыдзами,**
**Псэлъыхъу екIу дапщэм**
**гу къысхуамыщIами,**
**Уэ зэи, зыкIи, хэткIи усхъуэжыну,**
**Гукъэк1 сэзыгъэщIын**
**къэмыхъуфыну!»**

Иджыри зэ фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт Андемыркъан теухуа IуэрыIуатэм хэт теплъэгъуэр. Ар гъапцIагъэкIэ Iэщэ пцIанэу укIыпIэм щрашам, иужь псалъэу мыпхуэдэу жиIэжар:

- Сэ фэ гъуамэхэр си гущIыIу физмыгъэплъэнкIэ, Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэ, - жиIэри и сагъындакъыр и пщэм пэщIигъэкъуащ, лъэбакъуэ хъуу уври щыту и псэр хигъэкIащ.

IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэкIэ Тхьэ яIуэмэ, абы епцIыжын шынэхэрт, апхуэдэу тхьэ яIуатэмэ, дзыхь хуэпщI, шэч къытомыхьэ хъунут, апхуэдизкIэ а Мыващхъуэ кIанэм фIэлIыкIхэрти.

Мыващхъуэ кIанэ щIыжаIэр гурыIуэгъуэ мэхъу, езы мывэр плъагъумэ. Ар и плъыфэкIэ щхъуэщ, и теплъэкIи кIанэщ. Ауэ нобэ пыухыкIауэ жыпIэ хъуну сщIэркъым Уащхъуэ псалъэм къикIыр. Хьатхэм я бзэмрэ я тхыдэмрэ елэжьхэм зэрыжаIэмкIэ, «уащхъуэ» псалъэр Тхьэм и цIэу хьатыбзэм хэту къокIуэ, нэгъуэщI щIэныгъэлIхэми убыхыбзэм апхуэдэу къикIыу а псалъэр хэтауэ ятхыж. ЩыIэщ «уащхъуэ» псалъэм «уафэ щхъуэ» (щIыху) мыхьэнэ иIэу жызыIэхэри. Адыгэбзэри, абазэбзэри, хьатыбзэри фIыуэ умыджыжауэ, уримыплъэжауэ «Уащхъуэм» къикIыр нэсу къыпхуэщIэнукъым.

Мыващхъуэ кIанэр пымыту «Уащхъуэу си Тхьэ мыгъэпцI, згъэпцIмэ сыкIуэцIригъэз», е «Уащхъуэу си къан», е «УащхъуэкIэ соIуэ» тхьэрыIуэкIэхэри хэтщ ди бзэм.

Хэкум щыщу зы гуп дыкIуэри, Тыркум щыпсэу адыгэхэри нэгъуэщI къэралхэм щетIысэха ди лъэпкъэгъухэри дызэгъусэу дыщыIащ Хьэтусэ къалэм. Мыващхъуэ кIанэ здэщыIэ щIыпIэм тхьэлъэIу дыщIын щедгъэжьащ. Абдежым Тхьэм тыхь щыхуэтщIащ, адыгэ лъэпкъым хуэгъэза хъуэхъухэмкIэ тхьэ дыщелъэIуащ. Сыхуейт пхэнжу къагурымыIуэну, езы Мыващхъуэ кIанэм делъэIу хуэдэу. Мыващхъуэ кIанэр здэщыIэ Хьат щIыналъэу Анадолэу дыщэ къуэладжэм адыгэбзэкIэ Тхьэм дыщелъэIуауэ аращ ди лъэпкъым хуэгъэза хъуэхъухэмкIэ.

**ХЬЭГЪЭЖЕЙ Беслъэн,**
*«Юристхэр цIыхубэм я телъхьэщ» зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэ.*


**Мыващхъуэ кIанэм деж.**
*Тырку, Хьэтусэ къалэж*

## Усэхэр

### Мы зы щIымахуэр игъэкIыж

**«Адэжь щIыналъэм дыгъэкIуэж»,-**
**Къызжеlэ си щхьэгъусэм,**
**СлъэмыкIыу сэри сегъэкIуэщI**
**Гугъуехьыу телъым уи псэм.**

**Си щIалэ закъуэм согупсыс, -**
**Сигу щыщIэм сщIынт пэIэщIэ,**
**Гъуэгу сытехьэну сыхьэзырщ,**
**АрщхьэкIэ зызоIэжьэ.**

**Сэ нобэ зым къызиткъым гъуэгу.**
**Си гугъэр екъутэжыр:**
**Мы щIыпIэр сэ схуэмыхъуми Хэку,**
**Ар лъапсэщ си къуэм дежкIэ...**

**«Мы зы щIымахуэр игъэкIыж», -**
**ЖызоIэ си щхьэгъусэм.**
**Уи сабиигъуэ пIэщIэкIам**
**Хэт зылъэгъуар къигъазэу?**

**ШУРДЫМ Къундет.**
*Австрие, Инсбрук*

### Iуащхьэмахуэ

**Iуащхьэмахуэу уэсу телъым**
**Жэщи махуи нэпсыр щIож.**
**ЩIым и бынхэр щикъухьащи,**
**Магъыр ар, имыщIэу еш.**

**Адэжь Хэкум нобэ исыр**
**Ди нэ-ди псэу фыдолъагъу.**
**Димыягъэу, димылажьэу**
**ДыфпэIэщIэщ - къытхуэвгъэгъу.**

**Iущхьэмахуэ дымылъагъуми,**
**Я нэхъ дахэу щIэтщ ди нэгу.**
**Хамэ щIыпIэ дыщыпсэуми,**
**Дрогушхуэ - ар ди хэкущ.**

**Ди анэ дахэу ди Хэкужь,**
**Ди нэхъыжьхэр димыIэж.**
**Хамэ щIыпIэм дыкъыумынэу,**
**Дурибынкъэ - дынэшэж.**

**Сыт ди лажьэр, ди Хэкужьыр**
**Дымылъагъуурэ долIэж.**
**Ди адэр лIами, ди анэр псэукъэ?!**
**ЦIыкIуи ини дывгъэкIуэж.**

**ЛIы зыукIым и бэлыхьыр**
**Илъэс бжыгъэкIэ еух.**
**Мыухыжу ттелъ бэлыхьым**
**Дигу хегъэщIыр, лъыр тфIыщIех.**

**Лыуэ ттелъыр дыдымейми,**
**Къупщхьэу диIэр Хэкум ейщ...**
**Дынэшэж уи деж нэхъ псынщIэу,**
**Адэжь лъахэу Къэбэрдей.**

**ТIЭШ Хьэмид.**
*Сирие, КъунейтIрэ*

● Сурэт репортаж









# Лъэпкъ дамыгъэр ягъэлъапIэ



*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Автомашинэ 200-м щIигъу зыхэта зекIуэм къызэпачащ Налшык - Шэджэм - Дыгулыбгъуей - Бахъсэн - Къэсейхьэблэ - Алътуд - Май къалэ - Прохладнэ - Джулат - Арыкъ - Тэрч - Александровскэ - Арщыдан - Старэ Шэрэдж - Шэрэдж Ищхъэрэ - Къэхъун - Нарткъалэ - Аруан - Нартан - Налшык гъуэгуанэр.

* * *

ЗЕКIУЭ щыIахэр Абхъазым и утыкум къыщрагъэблэгъэжащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зи пашэ гупым. Абыхэм фIыщIэ хуащIащ пэкIум кърихьэлIа дэтхэнэми, и лъэпкъым и махуэшхуэр игъэлъэпIэну къызэрекIуэлIам папщIэ. Сэхъурокъуэр хъуэхъуащ ныпым и пщIэр зыIыгъыфын, адыгэр дыпсэуху абы и жьауэм щIэтын лъэпкъыу дыщытыну.

«Ныпыр ди лъэпкъым и набдзэщ. Ар нобэ екIуу къезыхьэкIа ди щIалэхэм фIыщIэ ин фхуэфащэщ. Дэтхэнэ лъэпкъми ныпми я тхыдэ яIэжщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ ди ныпым и тхыдэр ди лъэпкъ тхыдэм и лъабжьэм нэскъым. Тхыдэм и зэманкIэ уеплъмэ, адыгэ ныпыр щIалэ дыдэщ. Ди ныпыр мыкIуэдыжын Тхьэм ищI. Сынывохъуэхъу мыпхуэдэ Iуэху дахэхэмкIэ куэдрэ иджыри дызэхуэзэну», - захуигъэзащ Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм.

ГуфIэгъуэ пшыхьым кърихьэлIахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтымрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ я лэжьакIуэ, Тыркум къикIыжа адыгэхэм ящыщ Хъуажь Фахъри.

- Ди къуэш бланэхэ! Ди шыпхъу дахэхэ! Адыгэ ныпым и махуэр тхуэугъурлын Тхьэм ищI. Си гуапэщ ди ныпым зэщIигъэуIуа мыпхуэдиз щIалэгъуалэ слъагъуну. Адыгэ ныпым фыхуэфащэу, сыт хуэдэ IэнатIэм фыпэрымыувэми, пашэхэм фащыщу фыщытыну сыныволъэIу, - къыхигъэщащ и псалъэм Хъуажьым.

Апхуэдэу Адыгэ ныпым и махуэм и щIыхькIэ къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащ Эверест дэкIа, ди лъэпкъым и ныпыр абы и щыгум дэзыха Мэз Каринэ, Iуащхьэмахуэ щэм щIигъурэ дэкIа Шыбзыхъуэ Къазбэч сымэ.

- Мы гъэм илъэситху ирокъу дуней псом щынэхъ лъагэ дыдэ Эверест къуршым и щыгум адыгэ бэракъыр зэрыщызгъэуврэ. Нобэ хуэдэ махуэ куэд ди лъэпкъым игъэлъэпIэну сохъуахъуэ, - жиIащ Мэз Каринэ.

ГуфIэгъуэ махуэшхуэм и пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Хьэкъул Оксанэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Бэч Азэмэт, Мэремыкъуэ Резуан, къэфакIуэ ныбжьыщIэ Къалмыкъ Тамерлан сымэ, нэгъуэщIхэми. Адыгэ ныпым и махуэм иращIэкIа концертыр джэгу дахэкIэ зэхуащIыжащ.

Пшапэр зэхэуа нэужь, шэху уэздыгъэм къыхэщIыкIа адыгэ ныпыр лыдыжу пагъэнащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*











● Ди щIалэхэм дзэм къулыкъу щащIэ

## Къалэным хуэпэж Абрэджыр



**КъБР-м и Дзэ комиссариатым Бахъсэн къалэмкIэ, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэмкIэ я къудамэм и унафэщI Сосналы Мухьэмэд иджыблагъэ къыIэрыхьащ Сочэ къалэм щыIэ дзэ частым и командир Енин М., а частым и автомобиль плъыр ротэм и командир Дедегкаев Д. сымэ я Iэ зыщIэлъ фIыщIэ, щытхъу тхыгъэ. Ахэр гуапэу топсэлъыхь ди лъахэгъу Абрэдж Жантемыр дзэ къулыкъур щIыхь пылъу зэрырихьэкIым.**

«ПщIэ зыхуэтщI Мухьэмэд! 3662-нэ дзэ частым и унафэщIхэм фIыщIэ пхудощI автомобиль плъыр ротэм и шофер нэхъыжь къалэным пэрыту дзэ къулыкъур езыхьэкI Абрэдж Жантемыр Хьэмидбий и къуэм папщIэ. Ар ящыщщ Сочэ къалэм щекIуэкIа Формула-1 дунейпсо чемпионатым, ныбжьыщIэхэм бгым лыжэкIэ къежэхынымкIэ я зэпеуэм жылагъуэ шынагъуэншагъэр къыщызэзыгъэпэщахэм. Къэралым и унафэщIхэр хэту Iуэху щекIуэкIкIэ шынагъуэншагъэр яхъумэну ягъакIуэхэм ар язщ. Сочэ къалэм плъыр къалэныр щрихьэкIын хуей хъумэ, и пщэрылъхэр хьэлэлу егъэзащIэ. ФIыщIэ пхудощI хуагъэув къалэнхэр екIуу зэфIэзых мы щIалэр дзэ къулыкъум тэмэму зэрыхуэвгъэхьэзырам папщIэ».

Абрэдж Жантемыр 2009 гъэм Налшык дэт етIуанэ лицейр дыщэ медалкIэ къиухащ. А гъэ дыдэм щIэтIысхьащ Ростов дэт Экономикэ университетым финансхэмкIэ и факультетым икIи диплом плъыжькIэ 2014 гъэм къиухащ. Жантемыр университетым къыщратащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и стипендиер, математикэ зэпеуэхэм мызэ-мытIэу КъБР-м бжьыпэр щиубыдащ. Ар Налшык къалэм информатикэмкIэ и чемпионщ. 2009 гъэм КъБР-м математикэмкIэ щекIуэкIа олимпиадэм и чемпионщ, инджылызыбзэмкIэ зэпеуэм щытекIуахэм ящыщ зыщ. Абрэджым спортри фIыуэ елъагъу. БэнэкIэ хуитымкIэ зыбжанэрэ ехъулIэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызыIэригъэхьащ.

А письмо гуапэм Сосналым дыщIигъуащ Абрэджхэ зэрехъуэхъу псалъэхэр. «ПщIэ зыхуэсщI Абрэдж Хьэмидбий. ФIыщIэ пхузощI апхуэдэ щIалэфI, Хэкум и хъумакIуэ нэс зэрыбгъэсам папщIэ!» - итщ абы и тхыгъэм.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# Европэм кIуэным щогугъ

● Тхэквондо

**Тэтэрстаным и Елабугэ къалэм щекIуэкIащ Урысейм и ныбжьыщIэхэм тхэквондомкIэ я зэхьэзэхуэ. Абы кърихьэлIат хэгъуэгу 52-м къикIа спортсмен 500-м нэблагъэ.**

ДИ СПОРТСМЕНХЭМИ а зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэхэр къыщагъэлъэгъуащ. Хан Полинэ и хьэрхуэрэгъу псори хигъащIэри, пашэныгъэр иубыдащ. Абы къигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм япкъ иткIэ, Iэмал игъуэтащ Грознэ къалэм щекIуэкIыну зэпеуэм, Европэм кIуэнухэр къыщыхахынум, хэтыну.

Хъарзынэу зыкъигъэлъэгъуащ Кочкорбаев Гулджигит. Абы ещанэ увыпIэр къызэрихьам папщIэ, Урысейм и командэ къыхэхам хагъэхьащ. А щIалэми Iэмал иIэщ Европэм кIуэнухэр къыщыхахыну зэхьэзэхуэми хэтыну.

Хан Полинэрэ Кочкорбаев Гулджигитрэ зэпеуэм хуагъэхьэзыращ Щокъарэ Азрэталийрэ Ахъмэт Амиррэ.

**ДЫГЪУЖЬ Къаплъэн.**

## Чернобыль гузэвэгъуэшхуэ къызэрыщыхъурэ илъэс 30 зэрырикъум теухуа пэкIу

Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа гузэвэгъуэм и лъэужьхэр гъэзэкIуэжыным хэтахэм я фэеплъ щагъэувын папщIэ мывэр щагъэтIылъа щIыпIэм нобэ сыхьэт 14-м щекIуэкIынущ а щIэщхъуушхуэр илъэс 30 зэрырикъум теухуа пэкIу.

Зэхыхьэм кърихьэлIэнущ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и лIыкIуэхэр, атом электростанцыр зэрыкъутам къырикIуахэр гъэзэкIуэжыным хэтахэр, Чернобыль щылэжьахэм ящыщу дунейм ехыжахэм я унагъуэхэм щыщхэр, гузэвэгъуэшхуэр гукъинэ зыщыхъуахэр.

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**
**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **ЩхьэщэмыщI Изэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №545**